

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong, dina Arikunto, 2013, kc. 22).


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Suyatna (2002, kc. 14) nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif analitik nya éta panalungtikan anu di jerna ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, henteu maké uji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi, sanggeus didéskripsikeun satuluyna dianalisis kalawan maké interprétasi jeung pamahaman anu jero. Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis kalungguhan jeung citra wanoja nu aya dina carpon, kalawan maké ulikan féminisme. Satuluyna tina hasil ieu analisis dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas IX.

Dina ieu bab dipedar opat perkara nu patali jeung métode panalungtikan. Éta opat perkara téh nya éta désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti tatahar nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.

Bagan 3.1  
Désain Panalungtikan



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Arikunto (2013, kc. 172) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data anu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Saupama nilik kana pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data tina kertas atawa dokumén (*paper*). Kertas atawa dokumén (*paper*) anu digunakeun nya éta kumpulan carpon *Geulang Koroncong* karangan Holisoh M.E sarta dideudeulan ku buku-buku lianna anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.2.1 Déskripsi Kumpulan Carpon *Geulang Koroncong*

Kumpulan carpon *Geulang Koroncong* ditulis ku Holisoh M.E. Holisoh M.E salah sahiji pangarang wanoja anu produktif nepi ka ayeuna. Ieu buku ditulis taun 2014, sarta diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama. Dina ieu buku aya 20 carita pondok (carpon), saperti dina dua roman anu kungsi terbit (*Katineung* taun 1998 jeung *Kembang-Kembang Petingan* taun 2002), nyaritakeun ngeunaan romantika jeung dinamika kahirupan kulawarga, hubungan kolot-anak hususna tina sisi awéwé. Kumpulan carpon dina buku ieu nya éta: “Amanat Uyut Istri”, “Koper Séng”, “Geulang Koroncong”, “Surat ti Apa”, “Samen”, “Imah”, “Écéng Gondok Sisi Sawah”, “Anis”, “Alo Ima”, “Citatah”, “Wereng”, “Milih Lurah”, “Poé-poé anu Béngras”, “Wates”, “Minantu”, “Nyi Emar Tukang Opak”, “Lalajo Imtihan”, “Hileud”, “Manuk”, jeung “Dikreul”. Judul buku anu dipaké dina ieu buku nya éta luyu jeung judul salah sahiji carpon nu aya dina bukuna, nya éta “Geulang Koroncong”.

Rarancang jilid dijieun ku tim kréatif Kiblat. Gambar anu dipaké dina jilidna, nya éta tina ilustrasi carpon “Nyi Emar Tukang Opak”. Dina jilid kumpulan carpon *Geulang Koroncong* aya hiji awéwé maké baju kabaya jeung samping kebat, tur maké tiung nu digulungkeun luhureun sirahna. Éta awéwé téh maké sinjang ogé dina taktakna. Di hareupeun awéwé éta aya tolombong jeung blék anu eusina opak jualeun. Ilustrasi gambar dina jilid tangtu waé mangrupa gambaran salah sahiji tokoh nu aya dina carita.

Warna dasar jilid bodas. Di sisi belah katuhu aya tulisan “Kiblat belajar sepanjang hayat”, handapeunana aya tulisan *Geulang Koroncong* minangka judul



Gambar 3.1  
Jilid Kumpulan Carpon  
*Geulang Koroncong*  
Bagian Hareup jeung Tukang

ieu buku. Di handapeun judul buku aya tulisan Kumpulan Carpon anu dibuleudan leutik ku warna coklat, tuluy di gigireun buleudan éta aya gambar awéwé tadi téa ngajeblog gedé. Kakara di panghandapna aya tulisan Holisoh M.É minangka pangarang anu nulis ieu buku.

Dina ieu buku aya 128 kaca. Kaca kahiji aya biodata pangarang, dina kaca katilu aya judul bukuna *Geulang Koroncong*. Dina kaca kaopat aya idéntitas buku jeung katerangan penerbit. Kaca kalima mangrupa daptar eusi judul carpon. Sedengkeun dina kaca 7 nepi ka kaca 128 éta mangrupa kumpulan carita-carita pondokna.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal anu digunakeun, nya éta téknik ngumpulkeun data, téknik ngolah data jeung instrumen panalungtikan.

#### 3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik talaah pustaka. Téknik talaah pustaka mangrupa téknik anu dipaké pikeun néangan data, jeung nangtukeun dasar-dasar téori nu aya patalina jeung objék panalungtikan anu keur ditalungtik (Isnendes, 1998, kc. 30). Objék dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Geulang Koroncong* karangan Holisoh M.E. Data anu kakumpul magrupa data nu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Maca kumpulan carpon *Geulang Koroncong*.
- 2) Nyirian ajén féminisme anu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*.
- 3) Nyalin kana kode data sangkan leuwih gampang diolah jeung leuwih alus hasilna.

#### 3.3.2 Téknik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun ngaliwatan sababaraha téknik, tuluy diolah pikeun dianalisis tur diinterpretasi. Anapon téknik anu digunakeunna dina ngolah data, nya éta analisis féminisme. Dina ieu analisis disusun instrumén analisis: pikeun néangan unsur-unsur féminis dina éta kumpulan carpon jeung peran tokoh wanoja.

### 3.3.2.1 Analisis Data

Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan panaluntikan (Arikunto, 2013, kc. 278). Tatahar mangrupa kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina analisis data. Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih. Data anu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nya éta féminisme.

Sanggeus data kakumpul, léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta: 1) maca kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; 2) nganalisis ajén féminisme nu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; 3) ngadéskripsikeun ajén féminisme nu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; 4) nyindekkeun hasil analisis data, nu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas IX.

### 3.3.2.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumén anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta lembaran céklis jeung kartu data. Analisis nu maké kartu data nya éta ulikan féminismena.

#### 1) Lembaran Céklis

Lembaran ceklis mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun téhnik studi pustaka, tegesna pikeun néangan buku-buku tiori anu patali jeung panalungtikan.

Tabél 3.1  
Lembaran Ceklis

No.	Judul buku	Keterangan	
		Sastra	Féminisme

## 2) Kartu Data

### (1) Kartu Data Citra Wanoja

#### **Kartu Data**

Analisis citra wanoja dina  
Kumpulan Carpon *Geulang Koroncong*

(Cutatan citra wanoja)

(Kaca)

### (2) Kartu Data Kalungguhan Tokoh Wanoja

#### **Kartu Data**

Analisis kalungguhan tokoh wanoja dina  
Kumpulan Carpon *Geulang Koroncong*

(Cutatan kalungguhan tokoh wanoja)

(Kaca)